Pou Piblikasyon Imedya: 02/08/2022 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 31.5 MILYON DOLA POU PWOJÈ LOJMAN SIPÈVIZE YO

Finansman Eta a pral kreye 332 inite lojman sipèvize pèmanan pou Nouyòkè ki sanzabri yo

Pwojè a konplete plan lojman sou senkan, 25 milya dola Gouvènè a pou ranfòse estabilite nan lojman pou Nouyòkè yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo te bay 31.5 milyon dola nan finansman eta pou sèt pwojè ki pral bay lojman sipèvize pou Nouyòkè ki sanzabri yo. Pwojè sa yo, ki gen soutyen Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) eta a, gen ladan devlopman ki pral kreye yon lòt 332 inite anplis pou sèvi granmoun aje yo, moun ki gen antesedan pwoblèm toksikomani, moun ki gen pwoblèm nan devlopman, jèn adilt ak moun ki soufri maladi mantal grav.

"Tout Nouyòkè merite genyen aksè nan lojman ki sekiritè, ki abòdab epi sa enpòtan pou ba yo resous ak ekipman ki nesesè alontèm", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan aplike envestisman estratejik sa yo nan lojman sipèvize, nou pral ede eta nou an adrese kòz rasin ensekirite lojman epi asire sila yo ki bezwen èd pral gen aksè nan rezo sipò yo kapab konte sou yo pou estabilite. Pandan n ap rete konsantre sou rebati New York pi byen ak pi solid pase anvan, n ap kontinye pran mezi agresif pou ede asire chak kominote gen aksè nan sèvis yo bezwen pou yo pwospere".

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a, ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) a administre, se yon eleman enpòtan nan plan global Gouvènè Hochul la pou rann lojman pi abòdab, ekitab ak pi estab nan New York. Nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 ki adopte a, Gouvènè a te reyisi sekirize yon nouvo plan lojman konplè sou senk ane ki koute 25 milya dola, ki pral ogmante rezèv lojman an gras a kreyasyon oswa prezèvasyon 100,000 kay nan pri abòdab nan New York, sa gen ladan 10,000 avèk sèvis soutyen pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Se fon Ane Fiskal 2022 yo ki sipòte pwojè a.

Bidjè a kontinye ak 128 milyon dola nan finansman kapital pou Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a pou konstwi nouvo inite lojman sipò oswa pou repare abri

ijans ki la deja. Avèk dènye prim yo, pwogram lan te repati prèske 115.3 milyon dola pou 476 inite lojman sipèvize pèmanan, 94 inite lojman tranzisyon ak 303 lojman ki gen kabann ijans. Nan 303 kabann lojman ijans yo, 164 se reparasyon ak 139 se nouvo kabann.

Pwojè ki resevwa finansman yo gen ladan:

- **Breaking Ground** te resevwa 5.7 milyon dola pou bati yon bilding 15 etaj nan katye Queens nan Jamaica ki gen 52 inite lojman sipèvize pèmanan pou sèvi granmoun aje yo ki gen pwoblèm sante mantal grav oswa toksikomani.
- **Ithaca Neighborhood Housing Services, Inc.** te resevwa 2.25 milyon dola pou renove yon ansyen bilding lekòl elemantè epi bati twa kay an ranje nan vilaj Cayuga pou kreye uit inite lojman sipèvize pèmanan pou sèvi moun ki gen pwoblèm entèlektyèl oswa devlopmantal.
- **Depaul Properties, Inc.** te resevwa 3.49 milyon dola pou bati de bilding nan vil Schenectady, kreye 30 inite lojman sipèvize pèmanan pou sèvi granmoun aje yo ak moun ki gen pwoblèm sante mantal grav.
- **Project Renewal, Inc.** te resevwa 6 milyon dola pou bati yon bilding 17 etaj nan Bronx ki gen 70 inite lojman sipèvize pèmanan pou sèvi moun ki gen pwoblèm sante mantal grav oswa toksikomani.
- **CAMBA Housing Ventures, Inc. & CAMBA, Inc.** te resevwa 9.9 milyon dola pou devlope 146 inite lojman sipèvize pèmanan nan Brooklyn, ki gen ladan inite ki rezève pou moun k ap reyentegre nan kominote a apre prizon, jèn ki sanzabri, jèn ki nan laj pou kite fanmi dakèy ak fanmi ki souvan sanzabri yo.
- **Christopher Community, Inc.** te resevwa 2.8 milyon dola pou kreye 20 inite lojman sipèvize pèmanan nan vil Morrisville nan Konte Madison, pou sèvi granmoun aje ki frajil yo ki gen yon andikap oswa kondisyon kwonik.
- **Catholic Charities of Onondaga County** te resevwa 1.23 milyon dola pou bati sis inite lojman sipèvize pèmanan pou sèvi gason ki souvan sanzabri toupre Abri Ijans pou Sanzabri ak Sant Sèvis Lojman òganizasyon an.

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Lojman sipèvize se yon eleman ki enpòtan anpil nan efò nou pou bay estabilite dirab pou Nouyòkè ki nan bezwen yo, sa gen ladan kèk nan sila yo ki pi vilnerab pami nou. Pwojè sa yo, menm jan ak anpil lòt pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri, pral bay nouvo espwa pou moun ak fanmi yo ki nan sitiyasyon sanzabri Nou rekonesan pou sipò kontinyèl Gouvènè Hochul pou pwogram sa a ak paske li fè estabilite lojman nan New York tounen yon priyorite pou administrasyon li an".

Senatè eta a, Roxanne J. Persaud, te deklare, "Nouvo faz finansman kapital Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a pral kreye plis pase 300 nouvo inite lojman sipèvize atravè Eta New York, sa gen ladan Brooklyn. Avèk anpil siksè, lojman sipèvize bay yon kay sekiritè pandan l ap ankouraje estabilite, endepandans ak rekiperasyon pou plizyè milye adilt ak fanmi vilnerab".

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "New York nan mitan yon kriz sanzabri kote plizyè dizèn milye moun ap dòmi nan lari ak nan abri yo chak swa. Nan bati inite lojman sipò, nou ka ofri Nouyòkè ki gen difikilte yo èd ak sèvis nesesè pou tounen sou pye yo. Akòz ijans kriz sa a, nou dwe fè tout sa ki nan pouvwa nou pou devlope plis pwojè byen vit. 31.5 milyon dola nan finansman eta a ke Gouvènè a te anonse a pral mete nou sou wout pou nou sekirize plis lojman pou sila yo ki plis bezwen li".

Manm Asanble Steven Cymbrowitz te deklare, "Pou sila yo ki sanzabri, lojman sipèvize pèmanan bay yon chemen pou estabilite ak espwa pou lavni. Brize sik sanzabri a pral fèt sèlman si nou angaje tèt nou pou chèche solisyon ki gen sans ki kenbe moun yo deyò sistèm abri a epi bay sipò ki apwopriye pou moun sa yo ka travay pou rive pran swen tèt yo ak gen estabilite finansye".

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Lojman sipèvize se yon eleman enpòtan nan Plan pou Lojman ak Sanzabri nan Vil New York nou an, epi twa pwojè sa yo pral ede Nouyòkè yo nan twa minisipalite yo jwenn lojman ki sekiritè, bon jan kalite ak abòdab yo merite. Se yon batay vil la pa ka mennen poukont li, epi mwen felisite Gouvènè Hochul paske li angaje resous yo pou ede nou atake kriz lojman abòdab ak sanzabri ki konekte youn ak lòt anpil".

Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr., te deklare, "Pa gen anyen ki pi fondamantal pase dwa pou chak rezidan nan Queens gen yon twati sou tèt yo ak yon kay pou yo rele pa yo. Mwen rekonesan anpil anvè Administrasyon Hochul la pou envestisman enpòtan sa a nan pwoteksyon ak sekirite moun ensekirite lojman plis afekte yo, ak Breaking Ground pou travay li pou bay lojman sipèvize pou granmoun aje nou yo ki soufri pwoblèm sante mantal oswa abi sibstans".

Prezidan Minisipalite Bronx lan, Vanessa Gibson, te deklare, "Mwen aplodi anons Gouvènè Hochul pou 31.5 milyon dola nan finansman eta a ki pral bay lojman sipèvize pèmanan pou Nouyòkè ki sanzabri ak 332 inite adisyonèl pou sèvi granmoun aje yo, moun ki gen yon istorik toksikomani, moun ki gen pwoblèm devlopmantal, jèn adilt ak moun ki soufri maladi mantal grav. Nesesite pou lojman sekiritè ak pèmanan se yon bagay ki toujou wo nan vil ak eta nou an, epi se yon obligasyon pou nou pran mezi pou pran swen rezidan ki pi vilnerab nou yo".

Prezidan Minisipalite Brooklyn lan, Antonio Reynoso, te deklare, "Adrese sikonstans ak faktè ki kontribiye nan sitiyasyon sanzabri se yon bagay enpòtan pou kreye yon vrè dirabilite ak kwasans pou moun ak fanmi ki nan enstabilite lojman. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li envesti nan lojman sipèvize, lojman abòdab nan tout eta a, sa gen ladan Brooklyn nou renmen an. Bay moun ak fanmi yo yon fondasyon pou devlope se yon priyorite pou mwen epi mwen pa ka tann pou m elaji opòtinite sa yo nan minisipalite nou an".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Breaking Ground lan, Brenda Rosen, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou pote 173 apatman sipèvize ak abòdab pou granmoun aje yo nan Jamaica, Queens, premye rezidans pèmanan ou nan minisipalite a. Adilt ki pi aje yo pami gwoup k ap grandi pi vit ki tonbe nan sitiyasyon sanzabri epi elaji opòtinite pou moun vilnerab yo gen yon lojman abòdab ki gen sèvis ki adapte pou vyeyi sou plas se yon bagay ki pi enpòtan ke jamè. Ak yon klinik medikal dènye modèl atravè patnè devlopman nou yo nan Community Healthcare Network nan premye etaj la, kominote a ak lokatè nou yo pral gen aksè a bon jan kalite swen nan bilding nan. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Eta a paske yo envesti nan lojman sipèvize, epi nou kontan anpil pou nou fè patenarya avèk OTDA pou reyalize pwojè sa".

Direktè Egzekitif Ithaca Neighborhood Housing Services Inc., Johanna Anderson, te deklare, "Ithaca Neighborhood Housing Services ap fè efò pou devlope lojman ki fè pati pi gwo vizyon kominote a. Konsa, nou rekonesan anpil dèske nou fè pati reyamenajman 255 Wheat Street ki pral bay 47 inite lojman abòdab, uit ladan yo pral separe pou moun ki sanzabri epi ki gen yon pwoblèm entelektyèl oswa devlopmantal. Nou pa ka tann pou nou wè patenarya nou kontinye ak grandi avèk Gavras Center ak Vilaj Cayuga nan pote pwopriyete sa a nan tout potansyèl li".

Prezidan DePaul Properties, Mark H. Fuller, te deklare, "DePaul kontan pou li se yon patnè kominote a nan konble bezwen pou opsyon lojman nan pri abòdab ak bon jan kalite nan Schenectady epi atravè Eta New York. Nou vle remèsye Gouvènè Hochul ak Eta New York paske yo te bay DePaul yon pati enpòtan nan finansman ki pral fè Mosaic Apartments nan Katye istorik Crane Street la tounen yon reyalite. Nou tèlman fyè dèske nou fè pati yon efò revitalizasyon epi pou nou bay kay ak moun ki nan bezwen yo. Se yon ekzanp pwogrè ak patenarya an aksyon".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Project Renewal, Eric Rosenbaum, te deklare, "Angajman Project Renewal pou byennèt lokatè nou yo atravè entegrasyon sante ak lojman se motè devlopman Bedford Green House nou an ki gen sètifikasyon LEED. Bedford Green House pèmèt lokatè yo pwospere avèk sèvis sosyal sou plas yo, yon sè sou do kay ak fèm akwaponik, ak lòt ekipman ki ankouraje byennèt anviwònman ak endividyèl. Nou rekonesan pou finansman sa a ki soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri pou dezyèm faz Bedford Green House la, ki pral gen ladan yon klinik medikal, yon bibliyotèk, ak lòt apatman, ki pral pote plis lojman ak sèvis ki nesesè nan Bronx".

Direktè Egzekitif Catholic Charities of Onondaga County, Michael F. Melara, te deklare,"Gen yon nesesite klè nan Syracuse pou asire sila ki nan sitiyasyon sanzabri yo jwenn yon kote ki san danje, estab pou yo rele lakay yo. Sant Sèvis pou Lojman Catholic Charities of Onondaga County a pral ofri akèy ak sèvis sipò pou moun ki pi vilnerab yo nan kominote nou an. Finansman sa a ki soti nan Kòporasyon Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Corporation, HHAC) eta a pral pèmèt nou bay lojman pèmanan pou moun ki vilnerab ki bezwen lojman ki sekiritè ak estab. Nou rekonesan pou sipò pwojè sa ap resevwa atravè Gouvènè Hochul, ki te fè batay kont sanzabri nan eta nou an tounen yon priyorite pou administrasyon li".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral CAMBA Housing Ventures, Inc. & CAMBA, Inc., Joanne M. Oplustil, te deklare, "CAMBA Housing Ventures fyè pou l fè patenarya avèk Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri Eta New York nan dezyèm devlopman lojman abòdab ak sipèvize Vital Brooklyn nou an, Clarkson Estates. Inisyativ Vital Brooklyn nan se plan Gouvènè a pou sèvi totalman Sant Brooklyn atravè lojman abòdab pou plizyè milye Nouyòkè. Clarkson Estates pral ofri bon jan kalite lojman abòdab ak dirab ansanm ak sèvis sipò ki pral bay rezidan yo yon kay ki an sante, estabilize ak bèl. Envestisman 216 milyon dola sa a nan Flatbush, Brooklyn pral ofri sèvis jesyon dosye sou plas pou rezidan yo ak pwogram konplè etablisman kominotè pou kreye kominote ki an sante ak konekte nan katye a".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Christopher Community, Inc., Justin Rudgick, te deklare, "Nan non Christopher Community, Inc. mwen ta renmen remèsye Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a pou 2.7 milyon dola yo nan finansman anvè nouvo pwojè Community View Apartments nou an nan Morrisville, New York. Nou apresye anpil kolaborasyon sa a avèk HHAP, epi nou trè rekonesan anvè tout patnè finansman nou yo, ki gen ladan NYS HCR, pandan n ap wè nouvo pwojè devlopman sa a nan Konte Madison rive reyalize".

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ap bay sibvansyon ak prè kapital pou kòporasyon san bi likratif yo, òganizasyon charitab ak relijye yo, ak minisipalite yo pou yo ka achte, konstwi, oswa repare lojman pou moun ki pa kapab jwenn lojman ki adekwat san asistans espesyal yo. Yo te bay sibvansyon yo atravè yon pwosesis konpetitif ki te fèt pa Kòporasyon Lojman ak Asistans pou Sanzabri Eta New York la, ki se yon kòporasyon avantaj piblik ki gen pèsonèl OTDA.

Atravè pwogram sa a, Eta New York afekte plis pase 1.4 milya dola pou devlopman lojman sipèvize. An total, pwogram nan te kreye plis pase 24,000 inite lojman pou sipòte moun ak fanmi k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418